Injiil bi ngir Xale yi

Kii di ko xamlé

Ba Yàlla sakké lepp





Ki ko bind: Edward Hughes
Ku def illustration bi: Byron Unger; Lazarus
Ki def adaptation bi: Bob Davies; Tammy S.
Ki ko tekki: Christian Lingua
Ki ko produire: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2018 Bible for Children, Inc.
Licence: am nga sañ sañu kopié walla it imprimé teere bi ci bu nekké ni do ko jaay.

Kan mo ñu sakk? Injiil bi, manaam Kàddu Yàlla gi, mungui wax ci nu xeetu nit yi tambale. Bu yagg yagg, Yàlla ca la sakkéwoon nit ku ñjëkk bi ba tudde ko Adaama.



Yàlla Aji Sax ji nag móol nit ci pëndu suuf,
sol ngelawal dund ci paxi bakkanam, nit daldi doon
boroom bakkan. Mu gis boppam cip tool bu rafeet
bu ñuy woowé Toolub Àjjana.



Balaa Yàlla di defar Adaama, dafa defar àddina bu rafeet té fées ak mbiir yu yeemé.



Nank nank Yàlla defar ay bërëp yu fées ak ay tund ak ay bërëp yu fées ak ñax té suufé, mu defar itam ay garab yuy xeeñ lu neex ak itam ay garab yu kawé, mu defar itam ay picc yu am ay laaf yu rafeet ak ay yamb itam, ay ngaaka yu nekk ci géej gi, ak ay rebes yu raatax.



Ci dëgg, Yàlla mo defar lepp lu am- lepp.

Ca ñjàlbéen ga, balaa Yàlla di
defar lenn, amul dara lu amoon
ku dul Yàlla. Amulwoon nit
walla ay bërëp walla ay mbir.
Dara. Amulwoon benn
leer té amulwoon
itam benn lëndëm.
Amulwoon lu ñuy
naan tey mu neex
suba mu nakkari. Demb
ak tey sax amagulwoon.
Yàlla kessé moo nekkoon
té amul benn ñjàlbéen.
Noonu Yàlla tambalée jëf!



Ca ñjàlbéen ga Yàlla sàkk
na asamaan ak suuf.

Suuf nag da ne woon maraas ne wëyëŋ. Lëndëm muur ndox mu xóot mi. Ba loolu amee Yàlla ne. "Na leer nekk."



Leer daldi am. Yàlla tudde leer gi Bëccëk, lëndëm gi Guddi. Ngoon jot suba dugg muy bës bu ñjëkk.



Ci ñaareelu bës gi, Yàlla indi ndoxu géej yi ak ndoxu dex yi ñu nekk ci suufu Asamaan si. Ci ñétteelu bës bi, Yàlla ne, "Na suuf su wow si féeñ." Noonu mu féeñ.



Yàlla itam sant ñax gi ak garab yi ak toor toor yi ñu féeñ. Noonu ñu féeñ. Ngoon jot suba dugg muy ñetteelu bës bi.



Toop ci Yàlla defar naaj bi,
ak wéer bi, ak ay biddeew yu
bëri yu kenn mënuta wéeñi.
Ngoon jot suba dugg muy
ñéenteeli bës bi.



Ay ndiiraani xeeti bindeef yu nekk ci géej gi ak ay jën ak picc ñoo toppoon ci lu Yàlla bëggoona defar. Ci juroomelu bës ba Mu defar ay jën yu reya rey ak ay jën yu sew, mu defar itam ay picc yu tiim suuf ak picc yuy naaw ci kaw asamaan. Yàlla defar bepp xeetu jën ñu fées dél ci biir ndox yu nekk ci kaw suuf ak bepp xeetu picc ngir ñu beggé suuf si, géej gi ak asamaan si. Ngoon jot suba dugg muy juroomelu bës bi.



Ba mu defare loolu ba noppi, Yàlla waxaat. Mu ne, "Na suuf si génne ay mbindeef yuy dund..." Bepp xeetu mala ak gunóor ak jaan nekk ci saas yi. Amoon na sax ay ñay yuy yëngël suuf si ak ay kaña yu sob. Ay golo yu muus ak ay jàsig yu yémul. Ay sax yu ritax ak ay xojox yu ragalul dara. Ay njamala yuy dox mel ni ñuy tëb ak ay muus yuy méém. Bepp xeetu mala la Yàlla defar bës boobu.



Ngoon jot suba dugg muy juroom benneelu bës ba.



Yàlla am na lenneen itam lu mu def ci juroom bennelu bës ba- lenn lu am solo. Lepp paréwoon na nag ngir nit ki. Lekk amoon na ci tool yi té ay mala itam amoon nañu ngir jammu nit ki. Yàlla ne, "Nañu bind nit ci sunu melokaan. Na yilif lepp lu nekk ci kaw suuf." NOONU YÀLLA SAKK NIT CI TAKKNDEERAM; CI TAKKNDEERU BOPPAM LA YÀLLA SAKKE NIT...



Yàlla wax ak Adaama ne ko: "Mën nga lekk ci mboolem garabi tool bi. Waaye bul lekk ci garab giy taxa xam lu baax ak lu bon. Boo lekke ci garab gii lu woor muy ni dinga dee."



Yàlla Boroom bi ne, "Wéet baaxul ci nit, kon dinaa ko bindal ku koy jàppële." Yàlla indi picc yi ak mala yi yëpp ci Adaama. Noonu Adaama jox leen ay tur ñoom ñëpp. Waroon na muus lool ngir mën ko def. Wanté ci biir piic yi ak mala yi yëpp Adaama amulwoon kenn ku jekk ci moon ngir mën koo wéttëli.

Yàlla nelawloo Aadama nelaw bu xóot. Ba muy nelaw nag, mu rocci benn ci ay faaram, Yàlla defar jigéen ak faar bu mu jëlé ci Adaama. Jigéen bu Yàlla defar nekkoon na ku jekk ci doon soxna Adaama.



Yàlla defar lepp ci diirup juroom benni bës. Noonu Yàlla barkeel juroom ñaareelu fan ba té def ko bësu dallu. Ci toolup àjjana, Adaama ak soxnaam Awa amoon nañu mbeggté bu rey ci di deggël Yàlla. Yàlla nekkoon na seen Boroom, ki leen di dundal té di seen Xarit.

Ba Yàlla sakké lepp

Nettali bu joggé ci Kàddu Yàlla gi, Injiil bi,

Gis nañu ko ci

Ñjàlbéen ga 1-2

"Sa pirim Kàddu day leeral."
Sabóor 119:130

Ñjexté bi

Xew xewu Injiil bii daf ñuy wax ci suñu
Yàlla bu yeeme bii moom mi ñu sakk té bëgg ñu xam ko.

Yàlla xam na ni def na ñu ay mbiir yu bon, yu muy woowé bàkkaar. Mbugalu bàkkaar mooy dee, wante Yàlla def leena bëgg lool ba waaral mu yooni benn doomam kepp gu mu am, Yeesu, mu dee ci bant bi té ñu alag ko ndax suñuy bàkkaar. Waayé Yeesu dekki na ba delu ci kaw asamaan! Boo gëmé ci Yeesu té nga ñaan ko mu baal la say bàkkaar, dina la baal! Dina ñëw dëkk ci yow leegi nii sax, té dinga dund ak Moom ba faw.

Bo gëmé ni lii dëggë lë, waxal lii Yàlla:
Yeesu, gëm na ni yow yay Yàlla, nga ñëw ci jëmu nit té dee ngir samay bàkkaar, té leegui ya ngi dundat. Mangi la koy ñaan ñëwël ci sama dund té nga baal ma samay bàkkaar, ngir ma mëna am dund gu bees leegui nii, té ma mëna nekk ak Yow ba faaw keroog ba bës ba jooté. Dimbalima ngir ma mën la déggël té di dund ngir Yow ni sa doom. Amiin.

Jàngal Injiil bit té di wax ak Yàlla bës bu nekk! Yowaana 3:16